



# Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit nou an prezante sa ki sanblab ant figi ak fòm. Figi sanblab gen menm fòm, men yo pa nesèsèman menm dimansyon. Figi kongriyan se desen ki gen menm fòm ak menm dimansyon. Nou pral dekouvri figi jewometrik sanblab nan modèl a de-dimansyon ak twa-dimansyon, epi nou pral etidye echèl ak faktè pwopòsyonalite ant desen sanblab.



**Figi kongriyan**



**Figi sanblab**

Epi nou pral chache konnen relasyon ki genyen ant faktè pwopòsyonalite, è ak perimèt desen sanblab. Nou pral aprann kijan pou fè echèl desen a de-dimansyon ansanm ak objè a twa-dimansyon. Pa egzanp, modèl tren se reprezantasyon alechèl pou vre tren epi yon glòb se yon reprezantasyon alechèl pou latè a.

Nan fen chapit la, nou pral aplike sa nou etidye an pou nou rezoud yon pwoblèm enteresan. Èske zo moun jeyan ki 12 fwa pi gran pase jan nou ye a ka vreman sipòte pwa jeyan yo ? Fè yon prediksyon epi konpare li ak repons ki nan fen chapit la.

**Vokabilè** Pandan kou yo, nou pral aprann nouvo tèm sa yo :

**kongriyan**  
**ang korespondan**  
**kote korespondan**  
**kont-egzanp**

**rapò ekivalan**  
**rapò**  
**faktè pwopòsyonalite**  
**sanblab**

## **Kisa w ka fè lakay ?**

Si w gade ozalantou, ou ka wè anpil egzanp fòm sanblab : desen alechèl, fotokopi redwi oubyen agrandi, kat jeyografik ak zòn reyèl yo reprezante yo, ak bwat dimansyon diferan pou menm kalite sereyal la oubyen lòt bagay. Li ka enteresan pou ou menm ak elèv ou an montre kisa nou panse ki gen menm fòm, epi apre sa mezire chak pou verifiye yo vreman sanblab.